



Social Security


Fason Nou Deside
Si Ou Toujou Malad
Oswa Enfim

www.socialsecurity.gov

Fason Nou Deside Si Ou Toujou Malad Oswa Enfim

Nan pifò ka, ou fè lekti depliyon sa a paske ou te jwenn yon lèt ki endike ou nou te pral revize eta sante ou. Lalwa mande nou pou nou revize detanzantan eta sante tout moun k ap resevwa benefis maladi oswa enfimite. Nou dwe fè sa tanzantan pou nou asire ke moun yo toujou malad oswa enfim.

Anjeneral, si sante ou pa vin pi bon, oswa si maladi oswa enfimite ou a toujou anpeche ou travay, ou ap kontinye resevwa benefis yo.



N ap ranmase enfòmasyon yo

Pou ede nou pran desizyon nou, toudabò n ap ranmase nouvo enfòmasyon sou eta sante ou.

- N ap mande doktè ou yo, lopital kote ou swiv tretman ak lòt sous medikal pou nou we dosye medikal ou. N ap mande yo pou yo eksplike nou nan ki fason eta sante ou deranje aktivite ou, kisa egzamen medikal ou yo montre, epi ki tretman medikal ou t ap swiv.
- Si nou bezwen plis enfòmasyon, n ap mande ou pou ou al fè yon egzamen espesyal. Se nou k ap peye egzamen sa a.

N ap revize enfòmasyon yo

Aprè sa, n ap gade kijan eta sante ou te ye lè nou te revize dosye ou dènye fwa a. N ap gade nenpòt nouvo pwoblèm medikal ou ka genyen tou.

N ap pran yon desizyon konsènan si eta sante ou vin pi bon oswa si li vin pi mal. Si nou deside eta sante ou amelyore, n ap pran yon desizyon konsènan si eta sante ou amelyore ase oswa si li pa amelyore ase pou pèmèt ou ale travay.

N ap gade tou pou wè si eta sante jeneral ou afekte kalite travay ou ka fè. Sa gen ladan travay ou te fè lontan ak nenpòt kalite travay ou ka an mezi pou ou fè.

Ki jan benefis ou afekte

Si eta sante ou vin pi bon nan tout manyè epi nou deside ou ka travay, benefis ou yo ap sispann.

Benefis enfimite andikap ou ap sispann tou nan sitiyaşyon sa yo:

- Ou jwenn benefis fòmasyon pwofesyonèl oswa avans nan tretman medikal oswa teknoloji pwofesyonèl epi potèt sa ou vin kapab travay.
- Nou te fè yon erè nan yon premye desizyon pou ba ou benefis andikap ou oswa pou kontinye benefis andikap ou.
- Ou pa swiv tretman doktè ou rekòmande ou (san yon rezon valab), epi ou ka pètèt travay si ou te swiv tretman an.
- Ou te bay fo enfòmasyon oswa manti nan enfòmasyon yo lè nou te pran yon premye desizyon.
- Ou pa kolabore avèk nou, epi ou pa ban nou yon rezon valab poutèt ou pa kolabore a.
- Ou ap travay epi salè mwayen ou pa mwa montre ke ou ap fè travay ki pèmèt ou touche ase lajan. Kantite lajan salè ke nou konsidere konsekan epi ki byen peye chanje chak ane. Pou kalkil pou ane sa a, ale nan *Mizajou* anyèl la (Piblikasyon Nimewo 05-10003-HC). Men tou, sitiyaşyon sa a pa p afekte peman Revni Sekirite Sipleman tè ou.

Si nou deside pou benefis andikap ou sispann, epi ou pa dakò, ou ka fè apèl kont desizyon nou an. Sa vle di ou ka mande nou pou nou gade dosye ou ankò. Lè ou resevwa yon lèt pou endike ou desizyon nou, lèt la ap endike ou nan ki fason ou ka fè apèl kont desizyon an.

Kontakte Sekirite Sosyal

Pou plis enfòmasyon epi pou jwenn kopi piblikasyon nou yo, vizite wèbsayt nou nan www.socialsecurity.gov oswa rele gratis nan nimewo telefòn **1-800-772-1213** (pou moun ki pa tande oswa ki tande di, rele nan nimewo TTY nou a, **1-800-325-0778**). Nou ka reponn kesyon espesifik yo, nan lè 7 dimaten jiska 7 diswa, lendi pou vandredi. Nou bay enfòmasyon tou nan yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Si ou bezwen yon entèprèt pou regle afè Sekirite Sosyal ou, nou ka fè ou jwenn youn gratis. Sèvis entèprèt yo disponib ni pou lè ou ap pale avèk nou nan telefòn, ni pou lè ou vini nan biwo Sekirite Sosyal. Rele nan nimewo telefòn gratis nou a **1-800-772-1213**. Si ou pa pale Angle, peze 1 epi rete sou liy lan pou jouk lè yon reprezantan reponn. N ap kontakte yon entèprèt pou ede ou. Si afè ou a pa ka fin regle nèt nan telefòn, n ap pran yon randevou pou ou nan yon biwo lokal Sekirite Sosyal, epi n ap fè aranjman pou yon entèprèt ki pale Kreyòl prezan nan moman vizit ou.

Nou trete tout apèl yo avèk konfidansyalite. Nou vle asire tou ke ou resevwa bon jan

enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.



Social Security Administration
SSA Publication No. 05-10053-HC
How We Decide If You Are Still Disabled (Haitian-Creole)
January 2005